



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE AMANDMAN KONSTITISYONÈL KI AP KODIFYE
ROE V. WADE NAN KONSTITISYON ETA NEW YORK LAN**

***Amandman an Pral Mentni Ke Eta Ta Dwe Pwoteje Dwa yo Ki Te Etabli pa
Roe v. Wade Kèlkeswa Sa Ki Pase Onivo Federal***

***Anons Ki Te Fèt nan Rasanbleman “Mwen Kanpe Ak Patènite Planifye” (I Stand
With Planned Parenthood) ak Jounen Aksyon Ki Ap Defann Planifikasyon
Familyal – Videyo a [Isit la](#)***

***Pwochèn Etap New York's Promise to Women: Ever Upward (Pwomès New York
Anvè Fanm yo: Toujou Pi Wo) – Gen plis enfòmasyon ki disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li ap pwopoze pou yon fwa pou tout kapab garanti yon dwa fanm pou chwazi nan New York nan kodifye pwoteksyon yo ki te etabli pa Roe v. Wade 1973 lan nan konstitisyon eta a. Sa pral asire ke pwoteksyon sa yo rete an plas nan New York nan ka ke desizyon sa ta revoke, oswa ta altere pa yon nouvo Tribinal Siprèm Etazini (U.S. Supreme Court).

“Pandan ke Washington ap chèche mwayen pou limite dwa fanm yo, nou ap chèche mwayen pou pwoteje yo, epi pliske yo menase dwa repwodiktif yo, mwen pwopoze yon amandman konstitisyonèl pou ekri *Roe v. Wade* nan Konstitisyon Eta New York lan pou kapab anpeche nenpòt atak sou dwa pou chwazi,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pa pral pèmèt yo mete fen nan pwogrè mouvman fanm yo, epi nou dwe sezi opòtinite sa pou pote eta ak nasyon an devan, epi leve kanpe pou dwa fanm yo. Pa twonpe nou, nou pral toujou pwoteje dwa pou chwazi nan New York.”

Gouvènè a te fè anons lan nan rasanbleman “Mwen Kanpe Ak Patènite Planifye” ak Jounen Aksyon Ki Ap Defann Planifikasyon Familyal, devan yon foul moun ki te gen 1600 aktivis ak Cecile Richards, ki se Prezidan Patènite Planifye (Planned Parenthood). Gen yon videyo kote Gouvènè a ap fè anons lan ki disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan fòm kalite Televizyon [isit la](#).

Roe v. Wade

Desizyon Kou Siprèm Etazini 1973 monimantal la, *Roe v. Wade*, mete ke Konstitisyon Etazini an pwoteje dwa yon fanm genyen pou li chwazi pou mete fen nan gwosès li

anvan vyabilite fetis la oubyen pandan gwosès la lè sa nesesè pou prezève lavi li ouben sante li. Pandan 40 ane depi lè yo te pran desizyon an, règleman santral li an te konfime an pèmanans, epi yo te afime ke dwa pou fè yon abòsyon li pwoteje onivo konstitisyon an.

Sekirize Sante Repwodiktif nan New York

Anons sa rive apre aksyon resan Gouvènè Cuomo yo nan kòmansman mwa sa pou kapab sekirize sèvis sante repwodiktif yo nan New York. Sou òdonans Gouvènè Cuomo, eta a te poze aksyon regilatwa pou kapab asire ke konpayi asirans yo:

- Bay kouvèti asirans pou tout medikaman ak aparèy kontrasepsyon yo ak kouvèti asirans pou omwen yon mwayen kontrasepsyon nan chak metòd kontrasepsyon ke FDA (Food and Drug Administration) te apwouve yo san ko-pèman, ko-asirans, oswa franchiz, san kenbe an kont avni Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act).
- Founi kouvèti pou dispansè yon apwovizyonman mwayen kontrasepsyon pandan 3 mwa bay moun ki pa gen asirans yo. Pou dispansè menm mwayen kontrasepsyon ki fèt aprè yo menm founisè swen sante a te preskri a epi kouvri anba menm politik oswa renouvèlman, yon konpayi asirans dwe pèmèt kouvèti pou dispansè medikaman tout apwovizyonman kontrasepsyon an, jiska 12 mwa, anmenm tan.
- Founi kouvèti pou sèvis avòtman ki medikalman nesesè yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz (sof si plan an se yon plan ki gen franchiz ki wo).

Pwomès New York Anvè Fanm yo: Toujou Pi Wo

Amandman ki pwopoze a se dènye nan yon seri aksyon ki te poze pa Gouvènè Cuomo pou defann dwa fanm yo, ke yo rele “Pwomès New York a Fanm yo: Toujou Pi Wo.”

Nan dezan ki sot pase yo sèlman, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo atravè lwa *Enough is Enough Act* la (Lwa Sètase a); prevni asèlman seksyèl nan lye travay yo kèlkeswa lajè konpayi an; mete fen a diskriminasyon gwosès; etabli pwogram absans familyal yo peye ki pi long ak pi konplè nan nasyon an; epi elve salè minimòm lan rive \$15 alè. Pou plis enfòmasyon sou New York’s Promise to Women lan, vizite [isit la](#).

Kim Atkins, Prezidan Komite, Lwa Empire State sou Patènite Planifye yo (Planned Parenthood Empire State Acts), te deklare, “Roe v. Wade te transmèt yonn nan règleman legal ki pi enpòtan yo nan istwa nasyon nou an, epi li enperatif pou nou konsève dwa pou chwazi. Ak pwoteksyon federal la ki anba menas, li pi nesesè ke tan anvan pou eta yo leve kanpe pou dwa repwodiktif yo, epi Gouvènè Cuomo ap mennen nasyon an nan pwopoze amandman sa nan New York. Ak yon amandman konstitisyonèl, dwa sa pral garanti pa konstitisyon eta a, pou ke yo ka pase’l anba pye, kèlkeswa sa ki pase onivo federal. Mèsi Gouvènè Cuomo poutèt ou kanpe fèm pou defann dwa pou chwazi nan New York.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418